# PUQARALAR JI'YI'NI' BASLI'G'I'N (AQSAQALI'N) HA'M WoNI'N' KEN'ESGO'YLERIN SAYLAW HAQQI'NDA (jan'a redakciya)

**QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI'NI'N' NI'ZAMI'**
**09.10.2004 j. №289/II**

PUQARALAR JI'YI'NI' BASLI'G'I'N (AQSAQALI'N) HA'M WoNI'N' KEN'ESGO'YLERIN SAYLAW HAQQI'NDA (jan'a redakciya)

*Bul redakciya 05.07.2013 j. 164-XIII-canli' QR Ni'zami' menen tasti'yi'qlang'an*

1-bap. Uli'wma rejeler (1-9-statyalar)

2-bap. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw (10-15-statyalar)

3-bap. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlar ko'rsetiw (16-19-statyalar)

4-bap. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriw ta'rtibi (20-31-statyalar)

5-bap. Juwmaqlawshi' rejeler (32-33-statyalar)

## 1-BAP. ULI'WMA REJELER

### 1-statya. Usi' Ni'zamni'n' maqseti

Usi' Ni'zamni'n' maqseti poselka, awi'l, sonday-aq qalalardag'i', poselkalardag'i', awi'llardag'i' ma'kan puqaralar ji'yi'ni' (bunnan keyin tekstte - puqaralar ji'yi'ni' dep ju'rgiziledi) basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw boyi'nsha qatnasi'wlardi' ta'rtiplestiriwden ibarat.

### 2-statya. Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqali'n) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw haqqi'ndag'i' ni'zamshi'li'q

Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw haqqi'ndag'i' ni'zamshi'li'q usi' Ni'zam ha'm basqada ni'zam aktlerinen ibarat.

### 3-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqaralari'ni'n' puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda qatnasi'w huqi'qi'

Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda Qaraqalpaqstan Respublikasi' puqaralari'ni'n' (bunnan keyin tekstte - puqaralar dep ju'rgiziledi) qatnasi'wi' i'qti'yarli' ha'm yerkin boli'p tabi'ladi'. Puqaralarg'a wolardi' saylawg'a qatnasi'wg'a yamasa qatnaspawg'a ma'jbu'r yetiw maqsetinde, sonday-aq wolardi'n' wo'z yerk-i'qrari'n yerkin bildiriwine ta'sir ko'rsetiwge hesh kim haqi'li' yemes.

Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw huqi'qi'na saylaw ku'ni won segiz jasqa shi'qqan ha'm poselka, awi'l, sonday-aq qaladag'i', poselkadag'i', awi'ldag'i' ma'kan-ken'es aymag'i'nda (bunnan keyin tekstte - tiyisli aymaq dep ju'rgiziledi) turaqli' tu'rde jasawshi' puqaralar iye.

Sud ta'repinen qatnasi'qqa uqi'psi'z dep tabi'lg'an puqaralardi'n' puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda qatnasi'wi' mu'mkin yemes.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda puqaralardi'n' qatnasi'w huqi'qlari'n qanday da bir ta'rizde tikkeley yamasa janapay tu'rde sheklew qadag'an yetiledi.

### 4-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwdin' tiykarg'i' principleri

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriw ja'riyali'li'q, alternativlik ha'm ten' saylaw huqi'qi' principleri tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'.

### 5-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwde ja'riyali'li'q

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriw ashi'q ha'm ja'riyali'li'q penen a'melge asi'ri'ladi'.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestirgende ha'mde wo'tkergende puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') wo'tkeriletug'i'n sa'ne, waqi't ha'm wo'tkeriletug'i'n wori'n haqqi'nda puqaralar xabardar yetiledi, puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlar tuwrali', dawi's beriwdin' juwmaqlari' haqqi'nda ma'lim yetiledi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriw qalay wo'tip ati'rg'ani' g'alaba xabar qurallari' ta'repinen sa'wlelendirip bari'ladi'.

6-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi'n' alternativlik tiykarda wo'tkeriliwi

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na yeki ha'm bunnan ko'p talaban ko'rsetilgen halda a'melge asi'ri'ladi'.

7-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriwde ten' saylaw huqi'qi'

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda puqaralar ji'ni'si', rasasi', milleti, tili, dini, socialli'q shi'g'i'si', ko'z-qarasi', jeke ha'm ja'miyetlik jag'dayi'na qaramastan ten'dey saylaw huqi'qi'na iye boladi'.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda puqaralar ji'yi'ni'ni'n' (puqaralar wa'killeri ji'ynali'si'ni'n') ha'r bir qatnasi'wshi'si' bir dawi'sqa iye boladi'.

8-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri puqaralar ji'yi'ni' ta'repinen, puqaralar ji'yi'ni'n shaqi'ri'w imkaniyati' bolmag'an jag'dayda bolsa, puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si' ta'repinen yeki yari'm ji'l mu'ddetke saylanadi'.

9-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwdi ma'mleket ta'repinen qollap-quwatlaw

Ma'mleketlik uyi'mlar puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwde puqaralar ji'yi'nlari'na ja'rdem yetedi, za'ru'r bolg'an jag'daylarda wolardi' imaratlar, transport ha'm baylani's qurallari' menen ta'miyinlewi sha'rt.

2-BAP. PUQARALAR JI'YI'NI' BASLI'G'I'N (AQSAQALI'N) HA'M WoNI'N' KEN'ESGO'YLERIN SAYLAWDI' ShO'LKEMLESTIRIW

10-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriw mu'ddetlerin belgilew

Puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriw mu'ddetleri saylaw baslani'wi'nan keminde yeki ay aldi'n Wo'zbekstan Respublikasi' Woliy Majlisi Senati' Kengashi ta'repinen  belgilenedi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawg'a tayarli'q ilajlari'n wo'tkeriw mu'ddetleri ha'm ta'rtibi Wo'zbekstan Respublikasi' Woliy Majlisi Senati'ni'n' Kengashi ta'repinen  belgilenedi.

11-statya. Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwge ja'rdemlesiwshi komissiyasi'

Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwge ja'rdemlesiwshi komissiyasi' (bunnan keyin tekstte - Joqarg'i' Ken'es komissiyasi' dep ju'rgiziledi) Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esi ta'repinen puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriw da'wiri ushi'n du'ziledi.

Joqarg'i' Ken'es komissiyasi'ni'n' wa'killiklerine to'mendegiler kiredi:

puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' ni'zamshi'li'qqa muwapi'q ra'wishte sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw;

puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriwge ja'rdemlesiwshi rayonli'q ha'm qalali'q komissiyalari' (bunnan keyin tekstte - komissiyalar dep ju'rgiziledi) jumi'si'n muwapi'qlasti'ri'p bari'w;

komissiyalar saylawdi' na'tiyjeli wo'tkeriw ushi'n kerek bolatug'i'n normativ-huqi'qi'y aktler ha'm basqa da hu'jjetler menen ta'miyinleniwin sho'lkemlestiriw;

puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriw ma'seleleri boyi'nsha xali'q arasi'nda tu'sindiriw jumi'slari'n sho'lkemlestiriw;

puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' sho'lkemlestiriw ha'mde wo'tkeriw qanday da'rejede boli'p ati'rg'ani'n g'alaba xabar qurallari'nda sa'wlelendiriwdi sho'lkemlestiriw;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’seleleri boyi’nsha puqaralardi’n’ mu’ra’jatlari’n ko’rip shi’g’i’w;

saylaw juwmaqlari’ haqqi’nda tiyisli komissiyalar ta’repinen berilgen mag’li’wmatti’ uli’wmalasti’ri’w ha’m ko’rip shi’g’i’w, bul mag’li’wmatti’ ken’ ja’miyetshilikke jetkeriw.

Joqarg’i’ Ken’es komissiyasi’ ni’zamshi’li’qqa muwapi’q basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin.

12-statya. Puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriwge ja’rdemlesiwshi komissiyalardi’ du’ziw

Puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriwde puqaralar ji’yi’nlari’na a’meliy ja’rdem ko’rsetiw ushi’n rayonlar ha’m qalalar aymag’i’nda tiyislisinshe rayonli’q ha’m qalali’q komissiyalar du’ziledi.

Komissiyalar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’, tiyisli xali’q deputatlari’ rayonli’q ha’m qalali’q Ken’esinin’ qarari’ menen du’ziledi. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ komissiyasi’ puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw da’wiri ushi’n du’ziledi. Rayonli’q ha’m qalali’q komissiyalar puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerinin’ gezektegi saylawi’ ja’riyalang’annan keyin wo’z jumi’si’n toqtatadi’.

Komissiyalardi’n’ qurami’na, a’dette, puqaralar ji’yi’nlari’ni’n’, ma’mleketlik uyi’mlardi’n’, ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemlerdin’ wa’killeri kirgiziledi.

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) yaki woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na talabanlar komissiyag’a ag’za bolg’an shaxslar yamasa wolardi’n’ jaqi’n tuwi’sqanlari’ arasi’nan ko’rsetilgen bolsa, wolar komissiya qurami’nan shi’g’ari’ladi’.

13-statya. Komissiyalardi’n’ wa’killikleri

Komissiyalar wo’z wa’killikleri shen’berinde:

puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylaw haqqi’ndag’i’ ni’zamshi’li’qti’n’ wori’nlani’wi’n ta’miyinleydi;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw boyi’nsha isshi toparlardi’n’ (bunnan keyin tekstte - isshi topar dep ju’rgiziledi) jumi’si’n bag’darlap baradi’;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’seleleri boyi’nsha xali’q arasi’nda tu’sindiriw jumi’slari’n sho’lkemlestiredi;

ha’wliler, turaq jaylar, ko’shelerden ha’mde poselkalardag’i’, awi’llardag’i’ ma’kan-ken’eslerden puqaralardi’n’ wa’killigi normasi’n belgileydi;

isshi toparlardan son’i’nan tiyisli rayon, qala ha’kimleri menen kelisip ali’w ushi’n puqaralar ji’yi’ni’ basli’qlari’ (aqsaqallari’) lawazi’mi’na ko’rsetilgen talabanlarg’a baylani’sli’ hu’jjetlerdi qabi’l yetip aladi’;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’ (aqsaqallari’) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawg’a baylani’sli’ hu’jjetlerdin’ u’lgilerin tasti’yi’qlaydi’, Wo’zbekstan Respublikasi’ Woliy Majlisi Senati’ni’n’ Kengashi ta’repinen belgilenetug’i’n byulletenler u’lgileri bug’an kirmeydi;

isshi toparlardi’n’ puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’seleleri menen baylani’sli’ ma’limlemesin ti’n’laydi’;

tiyisli aymaqta puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’n’ juwmaqlari’n shi’g’aradi’ ha’mde Senat Kengashi komissiyasi’na ma’limleme beredi;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’selelerine baylani’sli’ puqaralardi’n’ mu’ra’jatlari’n qarap shi’g’adi’;

puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’n (aqsaqallari’n) ha’m wolardi’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw menen baylani’sli’ hu’jjetlerdin’ arxivke tapsi’ri’li’wi’n ta’miyinleydi.

Komissiyalar ni’zamshi’li’qqa muwapi’q basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin.

14-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw boyi’nsha isshi topar du’ziw

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ushi’n puqaralar ji’yi’ni’ (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’) qarari’ menen isshi topar du’ziledi. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerinin’ gezektegi saylawi’ ja’riyalang’annan keyin isshi topar wo’z jumi’si’n toqtatadi’.

Isshi topar qurami’na, a’dette, puqaralar ji’yi’ni’ni’n’, tiyisli aymaqta jaylasqan ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemler ha’m basqa da sho’lkemlerdin’ wa’killeri, sonday-aq xali’q deputatlari’ tiyisli rayonli’q (qalali’q) Ken’esinin’ deputati’ kirgiziledi. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’), woni’n’ ken’esgo’yleri, puqaralar ji’yi’ni’ uyi’mlari’ni’n’ basqa xi’zmetkerleri, sonday-aq puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ha’m woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na talabanlardi’n’, puqaralar ji’yi’ni’ uyi’mlari’ basqa xi’zmetkerlerinin’ jaqi’n tuwi’sqanlari’ isshi topar qurami’na kirgiziliwi mu’mkin yemes.

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ha’m woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na talabanlar isshi toparg’a ag’za shaxslar yamasa wolardi’n’ jaqi’n tuwi’sqanlari’ arasi’nan ko’rsetilgen bolsa, wolar isshi topar qurami’nan shi’g’ari’ladi’.

15-statya. Isshi topardi’n’ wa’killikleri

Isshi topar:

puqaralar ji’yi’ni’ (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’) wo’tkeriletug’i’n sa’ne, waqi’t ha’m wori’ndi’ belgileydi ha’mde woni’ wo’tkeriwden keminde bes ku’n aldi’n bul haqqi’nda tiyisli aymaqta jasaytug’i’n puqaralardi’ xabardar yetedi;

ha’wliler, turaq-jaylar, ko’sheler ha’mde poselkalardag’i’, awi’llardag’i’ ma’kan-ken’esler turg’i’nlari’ni’n’ puqaralar wa’killeri saylawi’ boyi’nsha uli’wma ji’ynali’slari’n sho’lkemlestiredi ha’m wo’tkeredi;

ha’wliler, turaq-jaylar, ko’sheler ha’mde poselkalardag’i’, awi’llardag’i’ ma’kan-ken’esler xalqi’ni’n’ uli’wma ji’ynali’si’ni’n’ qatnasi’wshi’lari’n dizimge aladi’ ha’mde puqaralardi’n’ saylang’an wa’killeri haqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlardi’ ko’rsetip xali’qti’n’ uli’wma ji’ynali’si’ protokoli’n du’zedi;

tiyisli aymaqta turaqli’ tu’rde jasaytug’i’n puqaralardi’n’ pikirin yesapqa ali’p, tiyisli komissiyag’a usi’ni’w ushi’n puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ha’m woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na talabanlar boyi’nsha usi’ni’slar tayarlaydi’;

puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’selelerine baylani’sli’ xali’q arasi’nda tu’sindiriw jumi’slari’n ali’p baradi’;

puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin qayta saylaw, sonday-aq bosap qalg’an wori’nlarg’a puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ wo’tkeriwdi sho’lkemlestiredi;

puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’ sho’lkemlestiriw ha’mde wo’tkeriw ma’selelerine baylani’sli’ puqaralardi’n’ mu’ra’jatlari’n qarap shi’g’adi’.

Isshi topar ni’zamshi’li’qqa muwapi’q basqa da wa’killiklerdi a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin.

3-BAP. PUQARALAR JI’YI’NI’ BASLI’G’I’ (AQSAQALI’) HA’M WoNI’N’ KEN’ESGO’YLERI LAWAZI’MI’NA TALABANLAR KO’RSETIW

16-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na

talabanlar ko’rsetiw

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na talabanlar ko’rsetiw tiyisli aymaqta turaqli’ tu’rde jasaytug’i’n puqaralardi’n’ pikirin yesapqa alg’an halda isshi topar ta’repinen a’melge asi’ri’ladi’.

Isshi topar puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na talabanlarg’a baylani’sli’ hu’jjetlerdi tayarlaydi’ ha’m rayon yamasa qala ha’kimi menen kelisip ali’w ushi’n tiyisli komissiyag’a saylawdan keminde won ku’n aldi’n tapsi’radi’. hu’jjetlerge puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na talabanlardi’n’ wo’zi talaban yetip ko’rsetiliwine jazba razi’li’g’i’ qosa tigiledi.

Rayon yamasa qala ha’kimi puqaralar ji’yi’nlari’ basli’qlari’ (aqsaqallari’) lawazi’mi’na usi’ni’lg’an talabanlardi’n’ hu’jjetlerin ko’rip shi’g’adi’ ha’m wo’zinin’ usi’ talabanlar boyi’nsha tiykarlang’an juwmaqlari’n son’i’nan isshi toparlarg’a tapsi’ri’w ushi’n tiyisli komissiyalarg’a jiberedi.

Isshi topar rayon yamasa qala ha’kiminin’ juwmag’i’n alg’annan keyin puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na kelisilgen talabanlar haqqi’nda mag’li’wmatti’ saylawdan keminde bes ku’n aldi’n puqaralar ji’yi’ni’ imarati’na ha’m gu’zarlarg’a ildirip qoyadi’.

17-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na

talabanlarg’a qoyi’latug’i’n talaplar

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na talabanlar Wo’zbekstan Respublikasi’ puqaralari’ boli’wi’, a’dette, joqarg’i’ mag’li’wmatqa iye boli’wi’, tikkeley saylawg’a deyin keminde bes ji’l tiyisli aymaqta turaqli’ tu’rde jasap ati’rg’an boli’wi’, sho’lkemlestiriwshilik uqi’bi’na, ma’mleketlik uyi’mlarda yaki ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemlerde yamasa isbilermenlik ha’m basqa da xojali’q jumi’si’ tarawi’nda jumi’s ta’jiriybesine, sonday-aq turmi’s ta’jiriybege ha’m xali’q arasi’nda abi’royg’a iye boli’wi’ tiyis.

Sud ta’repinen qatnasi’qqa uqi’psi’z dep tabi’lg’an, awi’r yamasa wog’ada awi’r ji’nayatlardi’ islegeni ushi’n sudlang’anli’q jag’dayi’ tamam bolmag’an yamasa sudlang’anli’g’i’ ali’p taslanbag’an shaxslar, sonday-aq sudti’n’ hu’kimi menen jazani’ wo’tew wori’nlari’nda boli’p ati’rg’an, a’skeriy xi’zmettegi shaxslar, diniy sho’lkemlerdin’ professional xi’zmetkerleri puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) lawazi’mi’na saylani’w ushi’n talaban yetip ko’rsetiliwi mu’mkin yemes.

18-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ni’n’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ken’esgo’ylerinin’ sanli’q qurami’n belgilew

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) ken’esgo’ylerinin’ sanli’q qurami’ ha’wliler, turaq-jaylar, ko’shelerden ha’mde poselkalardag’i’, awi’llardag’i’ ma’kan-ken’eslerden puqaralardi’n’ wa’killigi yesapqa ali’ng’an halda puqaralar ji’yi’ni’ (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’) ta’repinen belgilenedi.

19-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ken'esgo'yleri lawazi'mlari'na talabanlar usi'ni'w

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ken'esgo'yleri lawazi'mlari'na talabanlar tiyisli aymaqta turaqli' tu'rde jasaytug'i'n puqaralardi'n' pikirleri yesapqa ali'ng'an halda isshi topar ta'repinen ko'rsetiledi.

4-BAP. PUQARALAR JI'YI'NI' BASLI'G'I' (AQSAQALI') HA'M WoNI'N' KEN'ESGO'YLERIN SAYLAWDI' Wo'TKERIW TA'RTIBI

20-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tkeriw ushi'n puqaralar ji'yi'ni'n (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'n) shaqi'ri'w

Puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') «Puqaralardi'n' wo'zin-o'zi basqari'w uyi'mlari' haqqi'nda»g'i' Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ni'zami'nda belgilengen ta'rtipte shaqi'ri'ladi' ha'm wo'tkeriledi.

Puqaralar wa'killeri ji'ynali'si'na ha'wliler, turaq-jaylar, ko'shelerden puqaralardi'n' wa'killeri jiberiledi. Qurami'nda ma'kan-ken'esler bar bolg'an poselkalar ha'm awi'llar puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'na ma'kan-ken'eslerden puqaralardi'n' wa'killeri jiberiledi.

Wa'killik normasi'n tiyisli komissiya belgileydi.

21-ctatya. Puqaralar ji'yi'ni'n (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'n)

wo'tkeriw ta'rtibi

Puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') isshi topar basli'g'i' basshi'li'g'i'nda wo'tkeriledi.

Puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') ku'n ta'rtibine, a'dette, to'mendegi ma'seleler kirgiziledi:

yesap-sanaq komissiyasi'n saylaw;

puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i'n (aqsaqal) saylaw;

puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'ni'n' (aqsaqali'n') ken'esgo'ylerin saylaw.

Puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) puqaralar ji'yi'ni'ni'n' (puqaralar wa'killeri ji'ynali'si'ni'n') jumi's reglamenti, sonnan puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlardi'n' so'zge shi'g'i'wlari', wolardi'n' dodalani'wi', sorawlar ha'm juwaplar ushi'n waqi't belgilenedi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw boyi'nsha dawi's beriw na'tiyjelerin ani'qlaw ushi'n puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') ta'repinen keminde u'sh adamnan ibarat quramda yesap-sanaq komissiyasi' saylanadi'.

Puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) basshi'li'q yetiwshi puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlardi' ja'riyalaydi'. Sonnan keyin puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) basshi'li'q yetiwshi puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') lawazi'mi'na talabanlardi'n' ha'r birine so'z beredi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') lawazi'mi'na talabanlardi'n' bayanati' a'lipbe ta'rtibinde wo'tkerilip, talabanlar wo'zlerinin' keleshektegi jumi'si'ni'n' bag'darlamasi'n ja'riyalaydi'.

22-ctatya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda dawi's beriwdin' tu'rleri

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw ashi'q yamasa jasi'ri'n dawi's beriw arqali' a'melge asi'ri'ladi'.

Dawi's beriwdin' tu'ri haqqi'ndag'i' qarar puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') ta'repinen ashi'q dawi's beriw arqali' qabi'l yetiledi.

23-ctatya. Dawi's beriwdi wo'tkeriw ta'rtibi

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw ashi'q dawi's beriw arqali' wo'tkerilip ati'rg'anda dawi's beriw ha'r bir talaban boyi'nsha qol ko'teriw joli' menen wo'tkeriledi. Bunda puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) basshi'li'q yetiwshi puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') lawazi'mi'na talabanlardi' a'lipbe ta'rtibinde dawi'sqa qoyadi'.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') lawazi'mi'na talabanlar boyi'nsha dawi's beriw wo'tkerilgennen keyin, puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) basshi'li'q yetiwshi puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'ni'n' (aqsaqali'n') ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlardi' a'lipbe ta'rtibinde dawi'sqa qoyadi'.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) yaki woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw jasi'ri'n dawi's beriw arqali' wo'tkerilip ati'rg'anda puqaralar ji'yi'ni'ni'n' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') qatnasi'wshi'lari'na yesap-sanaq komissiyasi' ta'repinen saylaw byulletenleri (bunnan keyin tekstte - byulleten dep ju'rgiziledi) beriledi.

Byulletenge puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') yamasa woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na talabanlardi'n' familiyasi', ati', a'kesinin' ati' a'lipbe ta'rtibinde kirgiziledi.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) yamasa woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda byulletenlerdi beriw tikkeley dawi's beriwden aldi'n baslanadi'.

Byulleten dawi's beriwshi ta'repinen jasi'ri'n dawi's beriw kabinasi'nda yaki bo'lmesinde tolti'ri'ladi'. Dawi's beriwshi byulletennin' won' ta'repinde wo'zi jaqlap dawi's berip ati'rg'an puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') yamasa woni'n' ken'esgo'yi lawazi'mi'na talabanni'n' familiyasi' qarsi'si'nda jaylasqan bos kvadratqa belgi-krestik qoyadi'.

Dawi's beriwshi tolti'ri'lg'an byulletendi saylaw quti'si'na taslaydi'.

Saylaw quti'lari' dawi's beriw juwmaqlang'annan keyin yesap-sanaq komissiyasi' ta'repinen ashi'ladi'.

Byulletenlardi'n' u'lgileri ha'm tu'rleri Wo'zbekstan Respublikasi' Woliy Majlisi Senati'ni'n' Kegashi ta'repinen belgilenedi.

24-statya. Dawi'slardi' sanap shi'g'i'w

Dawi'slar yesap-sanaq komissiyasi' ta'repinen puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') yamasa woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na ha'r bir talaban boyi'nsha sanap shi'g'i'ladi'.

25-statya. Yesap-sanaq komissiyasi'ni'n' protokoli'

Dawi'slardi' sanaw na'tiyjeleri boyi'nsha yesap-sanaq komissiyasi' ta'repinen protokol du'ziledi ha'm protokolg'a yesap-sanaq komissiyasi'ni'n' basli'g'i' ha'mde ag'zalari' ta'repinen qol qoyi'ladi'.

Esap-sanaq komissiyasi'ni'n' protokoli'nda to'mendegiler ko'rsetiledi:

puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') qatnasi'wshi'lari'ni'n' uli'wma sani';

dawi's beriwge qatnasqan puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') qatnasi'wshi'lari'ni'n' sani';

jasi'ri'n dawi's beriw wo'tkerilgende byulleten alg'an puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') qatnasi'wshi'lari'ni'n' sani';

puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') yaki woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na ha'r bir talabandi' jaqlap berilgen dawi'slardi'n' sani';

jasi'ri'n dawi's beriw wo'tkerilgende haqi'yqi'y yemes dep tabi'lg'an byulletenlerdin' sani'.

Esap-sanaq komissiyasi'ni'n' protokoli' yesap-sanaq komissiyasi'ni'n' basli'g'i' ta'repinen woqi'p yesittiriledi ha'm puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') ta'repinen tasti'yi'qlanadi'.

26-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi'n' juwmaqlari'n shi'g'ari'w

Dawi's beriwde qatnasqan puqaralardi'n' yari'mi'nan ko'bisinin' dawi'si'n alg'an talaban puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') yaki woni'n' ken'esgo'yi lawazi'mi'na saylang'an boli'p yesaplanadi'.

Puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi'n' juwmaqlari' boyi'nsha qarar qabi'l yetedi, bul qarar puqaralar ji'yi'ni'nda (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si'nda) basshi'li'q yetiwshi ta'repinen woqi'p yesittiriledi.

Puqaralar ji'yi'ni' (puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'si') protokoli' yeki nusqada du'zilip, bir nusqasi' saylawdi'n' juwmaqlari'n uli'wmalasti'ri'wi' ushi'n tiyisli rayonli'q ha'm qalali'q komissiyasi'na usi'ni'ladi'.

Tiyisli rayonli'q ha'm qalali'q komissiyalari' puqaralar ji'yi'nlari' basli'qlari'n (aqsaqallari'n) ha'm wolardi'n' ken'esgo'ylerin saylawdi'n' juwmaqlari'na tiyisli uli'wmalasti'ri'lg'an mag'li'wmatlardi' joqari' turi'wshi' komissiyasi'na tapsi'radi'.

27-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawdi' wo'tpegen yaki haqi'yqi'y yemes dep tabi'w

Eger puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i' (aqsaqali') ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda puqaralar ji'yi'ni'nda qatnasi'wshi'lar dizimine kirgizilgen puqaralardi'n' yari'mi'nan azi' qatnasqan bolsa, saylaw wo'tpegen dep tabi'ladi'. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw puqaralar wa'killerinin' ji'ynali'slari'nda wo'tkerilgen jag'dayda, yeger ji'ynali'sqa ha'wliler, turaq-jaylar, ko'shelerden ha'mde poselkalar, awi'llar ma'kan-ken'eslerinen puqaralar wa'killerinin' u'shten yeki bo'leginen azi' qatnasqan bolsa, saylaw wo'tpegen dep tabi'ladi'.

Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) yamasa woni'n' ken'esgo'ylerin saylaw dawami'nda yaki dawi'slardi' sanap shi'g'i'wda jol qoyi'li'p, dawi's beriw juwmaqlari'na ta'sir yetken ta'rtip buzi'wlar sebebinen saylaw sud ta'repinen haqi'yqi'y yemes dep tabi'li'wi' mu'mkin.

28-statya. Puqaralar ji'yi'ni' basli'g'i'n (aqsaqal) ha'm woni'n' ken'esgo'ylerin saylawda qayta dawi's beriw

Eger puqaralar ji'yi'ni'ni'n' basli'g'i' (aqsaqali') yaki woni'n' ken'esgo'yleri lawazi'mi'na yekewden arti'q talaban ko'rsetilgen ha'm

wolardi’n’ birde-birewi saylanbag’an bolsa, puqaralar ji’yi’ni’ (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’) yen’ ko’p dawi’s alg’an yeki talaban boyi’nsha qayta dawi’s beriwdi wo’tkeriw haqqi’nda qarar qabi’l yetedi. Qayta dawi’s beriw usi’ Ni’zamni’n’ talaplari’ saqlang’an halda wo’tkeriledi.

Qayta dawi’s beriw waqti’nda dawi’s beriwde qatnasqan puqaralardi’n’ dawi’si’n basqa talabang’a qarag’anda ko’birek alg’an talaban puqaralar ji’yi’ni’ni’n’ basli’g’i’ (aqsaqali’) yaki woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na saylang’an boli’p yesaplanadi’.

29-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin qayta saylaw

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin qayta saylaw to’mendegi jag’daylarda wo’tkeriledi, yeger:

bunnan aldi’n’g’i’ saylaw wo’tpegen yamasa haqi’yqi’y yemes dep tabi’lg’an bolsa;

qayta dawi’s beriw puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) yamasa woni’n’ ken’esgo’yleri saylang’ani’n ani’qlaw imkaniyati’n bermese;

puqaralar ji’yi’ni’nda (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’nda) puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) yaki woni’n’ ken’esgo’yleri lawazi’mi’na ko’rsetilgen talabanlar sani’ yekewden ko’p bolmasa ha’mde wolardan birde biri saylanbag’an bolsa.

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin qayta saylaw usi’ Ni’zamni’n’ talaplari’ saqlang’an halda bir ay mu’ddetten keshiktirmesten wo’tkeriledi.

30-statya. Bosap qalg’an wori’nlarg’a puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylaw

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’ (aqsaqali’) yaki woni’n’ ken’esgo’ylerinin’ wa’killikleri mu’ddetinen buri’n toqtati’lg’an bolsa, tiyisli puqaralar ji’yi’nlari’nda usi’ Ni’zamni’n’ talaplari’ saqlang’an halda jan’a saylaw wo’tkeriledi.

31-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ni’n’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’n’ na’tiyjeleri u’stinen shag’i’m yetiw

Puqaralar ji’yi’ni’ni’n’ (puqaralar wa’killeri ji’ynali’si’ni’n’) puqaralar ji’yi’ni’ni’n’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’n’ na’tiyjeleri boyi’nsha qarari’ u’stinen sudqa shag’i’m yetiliwi mu’mkin.

5-BAP. JUWMAQLAWShI’ REJELER

32-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’n’ na’tiyjeleri boyi’nsha puqaralar ji’yi’ni’ uyi’mlari’n qa’liplestiriw

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylawdi’n’ na’tiyjeleri boyi’nsha puqaralar ji’yi’ni’ (puqaralar wa’killerinin’ ji’ynali’si’) bir ay ishinde puqaralar ji’yi’ni’ ken’esin du’zedi, puqaralar ji’yi’ni’ jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ boyi’nsha komissiyalardi’ ha’m tekseriw komissiyasi’n saylaydi’.

33-statya. Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylaw haqqi’ndag’i’ ni’zamshi’li’qti’ buzg’ani’ ushi’n juwapkershilik

Puqaralar ji’yi’ni’ basli’g’i’n (aqsaqal) ha’m woni’n’ ken’esgo’ylerin saylaw haqqi’ndag’i’ ni’zamshi’li’qti’ buzi’wda ayi’pker shaxslar belgilengen ta’rtipte juwapker boladi’.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’
Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ M. Erniyazov

No’kis qalasi’, 5-iyul 2013-ji’l
№ 164/XIII

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew